



Lòt Règ sou Doub Pakin

Kalandriye Sispansyon pou Ane 2017

Joudlan	Dimanch 1ye Janvyè
Joudlan (Obsève)*	Lendi 2 Janvyè
Jou Anivèsè Nesans Martin Luther King	Lendi 16 Janvyè
Joudlan Linè Chinwa	28 Janvyè, Samdi
Jou Anivèsè Nesans Lincoln (Obsève)	Lendi 13 Fevriye
Anivèsè Nesans Washington (Jounen Prezidans)	Lendi 20 Fevriye
Mèkredi Lèsann	Mèkredi 1 Mas
Purim	Dimanch 12 Mas
Pak Jwif (1ye/2yèm Jou)	11-12 Avril, Madi-Mèkredi
Jedi Sen	Jedi 13 Avril
Jedi Sen (Òtodòks)	Jedi 13 Avril
Vandredi Sen	Vandredi 14 Avril
Vandredi Sen (Òtodòks)	Vandredi 14 Avril
Pak Jwif (7yèm/8yèm Jou)	Lendi-Madi 17-18 Avril
Solanite Asansyon	Jedi 25 Me
Jounen Memoryal*	Lendi 29 Me
Shavuot (2 Jou)	Mèkredi-Jedi 31 Me-1ye Jwen
Idul-Fitr (Eid Al-Fitr)	Dimanch-Madi, 25-27 Jwen
Jou Endepandans*	Madi 4 Jiyè
Fèt Asonpsyon	Madi 15 Out
Idul-Adha (Eid Al-Adha)	Vandredi-Dimanch 1ye-3 Septanm
Fèt Travay*	Lendi 4 Septanm
Rosh Hashanah	Jedi-Vandredi, 21-22 Septanm
Yom Kippur	Samdi 30 Septanm
Succoth (2 Jou)	5-6 Oktòb, Jedi-Vandredi
Jou Kristòf Kolon Dekouvri Lamerik	Lendi 9 Oktòb
Shemini Atzereth	Jedi 12 Oktòb
Simchas Torah	Vandredi 13 Oktòb
Diwali	Jedi 19 Oktòb
Latousen	1 Novanm, Mèkredi
Jounen Eleksyon	Madi 7 Novanm
Jounen Veteran (Obsève)	Vandredi 10 Novanm
Jounen Veteran	Samdi 11 Novanm
Jou Aksyon-de-Gras (Thanksgiving)*	Jedi 23 Novanm
Imakile Konsepsyon	Vandredi 8 Desanm
Jou Fèt Nwèl*	Lendi 25 Desanm

Enfòmasyon

Nou ka anile Lòt Règleman pou Doub Pakin tanzantan akòz nèj, move tan oswa lòt ijans. Tanpri ale sou sitwèb nou nan nyc.gov/dot oswa rele **311** pou jwenn lòt enfòmasyon.

Moun ki Soud oswa Moun ki Mal pou Tande ki Itilize TTY, rele (212) 504-4115.

Èske Ou Konnen?

Kisa ki nan yon non? Èske ou konnen diferans nan siyifikasyon pano estasyonman sa yo?

	PA RETE LA A	PA KANPE LA A	PA ESTASYONE LA A
Èske mwen kapab kanpe pou depoze oswa pran pasaje?	Non	Wi	Wi
Èske mwen kapab kanpe pou chaje oswa dechaje yon pake oswa machandiz arebò twotwa a?	Non	Non	Wi
Èske yo pèmèt pou moun rete tann?	Non	Non	Non

Yo te deziyen tout NYC kòm yon Zòn pou Remòke Veyikil anba Lwa Eta a sou Veyikil ak Sikilasyon Machin (State's Vehicle & Traffic) nan ane 1959. Sa vle di yo ka remòke nenpòt veyikil yon moun estasyonman oswa opere ilegalman, oswa ki san plak oswa ki gen plak ki ekspire oswa ki gen otokolan enspeksyon ki ekspire.

Nan **JOU FERYE PRENSIPAL LEGAL YO**, yo pèmèt pou rete, kanpe ak estasyonman **sof** nan zòn kote règ pou rete, kanpe ak estasyonman anvigè sèt (7) jou pa semèn (pa egzanzp, "Pa Kanpe Okenn Lè"). Poutèt sa, pakomèt yo p ap anvigè nan jou ferye prensipal legal yo.

Doub Pakin veyikil ki gen pasaje yo ilegal toutan, tankou jou netwayaj lari a, kèlkeswa kote a, rezon an oswa kantite tan an.

Li ilegal pou estasyonman sou yon distans 15 pye sou nenpòt bò yon bouch ensandi. Arebò twotwa ki pentire nan pozisyon bouch ensandi yo **PA** endike kote ou kapab estasyonman.

Yon veyikil ki gen moun ladan epi ki estasyonman ilegalman lakòz menm danje pou sekirite ak blokis menm jan avèk yon veyikil ki pa gen moun ladan. Pran responsablite ou epi estasyonman legalman.

***Jou Ferye Prensipal Legal**



Tradiksyon dokiman sa a disponib depi ou rele 311 oswa si ou ale sou sitwèb nyc.gov/dot oswa nyc.gov/dot/asprules

